

# BOARD OF EDUCATION OF WICOMICO COUNTY



DONNA C. HANLIN, Ed.D.  
SUPERINTENDENT OF SCHOOLS

P.O. Box 1538  
2424 NORTHGATE DRIVE  
SALISBURY, MD 21802-1538

410-677-4400  
FAX 410-677-4444  
[www.wcboe.org](http://www.wcboe.org)

DONALD L. FITZGERALD  
PRESIDENT  
N. EUGENE MALONE, JR.  
VICE PRESIDENT  
ALLEN C. BROWN, SR.  
MICHAEL G. MURRAY  
JOHN PALMER  
WILLIAM K. TURNER  
MARIA A. WALLER

25 Oktòb 2017

Chè Paran/Gadòr:

Semèn Edikasyon Ameriken, 13-17 Novanm, nan preske rive! Nou toujou obsève Semèn Edikasyon Ameriken nan kominote yo chak ane nan yon bi poun infòmè piblik la de akonplisman elèv nou yo ansanm ak lekòl nou yo, epi tou poun ankouranje patisipasyon paran yo nan edikasyon pitit yo. Nou kontan anpil pou opòtinite ke ouap genyen pou vizite lekòl pitit ou yo ak sal de klas yo..

Anplis de kontantman nou pou nou genyen ou kòm yon pati integral nan edikasyon pitit ou pandan Semèn Edikasyon Ameriken an, nou vle asire tout moun ke nap mete mezi sekirite anplas nan lekòl la epi tou nap kontrole tout ti distraksyon ki ap anpeche elèv yo aprann.

Pou n kapab asire bagay sa yo, nou bezwen pou ou ede nou konplete “Fòm Vizitè Apwouve ” ki atache epi retounenl nan lekòl pitit ou pa pita ke MADI, 7 Novanm. Fòm sa a va bay lekòl pitit ou yon lis de vizitè kap genyen pèmasyon pou vizite ak obsève pitit ou pandan Semèn Edikasyon Ameriken an. **Ranpli fòm sa li inpòtan wi, epi se yon ekzijans kap pèmèt yon vizitè antre nan sal de klas pitit ou.** Si yon vizitè vin nan lekòl la poul vizite pitit ou a epi li pa sou lis la, yo pap kitel patisipe nan Semèn Edikasyon Ameriken an. (Silvouplè, fè su ke ou ekri non ou sou lis la avèk non tout lot moun ki nan “Fòm Done Ijans/Emergency Data Form” pitit ou pou yo kapab vizite tou. Fòm sa pap ranplase Fòm Vizitè Apwouve a.)

Silvouplè, note ke nou genyen kritè ak pwosedi de vizit nesèsè poun asire ke instriksyon valab kontinye nan lekòl nou yo pandan Semen Edikasyon Ameriken an. Silvouplè, nou ekzije ke tout vizitè yo respekte prensip sa yo :


- Tout vizitè yo dwe genyen laj pliske 21 an epi pou yo montre yon foto idantifikasyon. Amwen ke yo te notitye ou ke lekòl pitit ou ap bay sèvis gadòr timoun, silvouplè pa vini avèk timoun piti nan vizit la.
- Tout vizitè yo genyen pou pase nan biwo lekòl la anvan yo ale nan klas yo.
- Silvouplè, mete tout selilè sou vibrasyon. Tout moun ki itilize selilè yo nan lekòl la, yap mande yo pou yo ale.
- Vizitè yo kapab vizite klas sèlman elèv ke yo gen pèmasyon pou vizite nan Fòm Vizite Apwouve a.
- Ou pa dwe pote manje ak bwason nan lekòl la pandan ouap vizite klas la..
- Silvouple retirè tout chapo ak manto anvan ou antre nan lekòl la.
- Lè ou pral soti, pase nan biwo lekòl la pou fè yo konnen ou prale, konsa yap okouran de tout vizitè ki nan bildig nan pandan tout tan..

Ou kapab wè daprè tout prensip sa yo ke lekòl yo nan Wicomico County ap fè anpil efò pou bay paran yo ak manm kominote yo yon opotinite pou vizite pitit yo pandan Semen Edikasyon Ameriken an, pandan nap kontinye kenbe sekirite nan anvinyonman aprantisaj la.

**Silvouplè asire yon vizit agreab e prodiktif pandan Semèn Edikasyon Ameriken, 13-17 Novanm lè ou ranpli Fòm Vizitè Apwouve ki anba a e retounenl nan biwo lekòl pitit ou pa pita ke MADI 7 Novanm. Malerezman si ou pa retounen fòm nan nan lekòl pitit ou, vizitè yo pap kapab vizite lekòl la.**

Mèsi.

Ak respè,



Donna C. Hanlin, Ed.D.  
Superintendent of Schools



Depatman Edikasyon pou Wicomico County

SEMÈN EDIKASYON AMERIKEN 13-17 Novanm 2017

**FÒM VIZITÈ APWOUVE**

Non elèv la: \_\_\_\_\_

Lekòl elèv la: \_\_\_\_\_

Klas elèv la: \_\_\_\_\_

Paran/Gador oubyen moun reskonsab: Silvouple, konplete fòm sa a epi retounen l nan biwo lekòl pitit ou a pa pita ke MADI, 7 Novanm.

	<b>NON VIZITÈ KI APWOUVE</b>	<b>RELASYON AK ELÈV LA?</b>
1.		
2.		
3.		
4.		
5.		

Mwen konprann ke sèlman moun ki sou fòm sa ki ap kapab vizite pitit mwen an pandan Semen Edikasyon Ameriken-13-17 Novanm. Mwen konprann ke tout vizitè yo dwe swiv prensip yo ki afiche nan plas enregistreman yo ak nan sit entènèt lekòl yo.

Non paran/Gadòr (an lèt detache): \_\_\_\_\_

Siyati Paran/Gadòr: \_\_\_\_\_